



City of Cambridge Resous Lojman

Vil Cambridge ap travay pou asire ke tout rezidan yo rete an sekirite ak an sante. Si oumenm oswa yon moun ou konnen gen kesyon lojman oswa bezwen, tanpri rele 617-349-9777 epi kite mesaj epi yon anplwaye pral rekontakte w imedyatman ke sa posib. Si w kapab voye imèl, tanpri kontakte:

- Maria Melo, Direktè Multi-Service Center (Sant Milti-Sèvis)
mmelo@cambridgema.gov (ki pale Pòtigè ak Panyòl)
- Maura Pensak, Lyezon Lojman ak Administratè Vil la
mpensak@cambridgema.gov
- Chris Cotter, Direktè Lojman, Community Development Department (CDD) (Depatman Devlopman Kominotè)
ccotter@cambridgema.gov

Department of Public Utilities (Depatman Sèvis Piblik) kanpe avi sispansyon an jiska nouvèl òd. Sa vle di w ap kontinye genyen kouran ak chofaj lakay ou menm si ou pa ka fè peman. Si w genyen nenpòt kesyon, oswa si w sèvi ak petwòl lakay ou epi li fini, kontakte dhspfuel@cambridgema.gov oswa rele 617-349-6252

Tribinal yo te kanpe tout aksyon ki pa ijan yo. Si w genyen yon dat lojman nan tribinal ki an atant, kontakte nou oswa [Cambridge and Somerville Legal Services](#) (Sèvis Legal Cambridge ak Sommerville) nan 617-603-2700.

Si w genyen kesyon sou aplikasyon sou asirans chomaj, kupon manje, asistans kach, oswa lòt asistans, tanpri kontakte nou.

Vil la ak Food for Free (Manje Gratis) te òganize Cambridge Community Food Line (Liy Manje Kominote Cambridge) (617-349-9155), yon sèvis manje pou rezidan Cambridge ki anba gwo risk ensekirite manje.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.cambridgema.gov/COVID19